

Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 13.5 MILYON DOLA POU KONBAT FWÒD FISKAL
AK FWÒD ASISTANS PIBLIK TOUPATOU ATRAVÈ ETA A**

***Yo te Akòde Pwokirè Distri nan 29 Konte Finansman Sibvansyon Atravè
“Pwogram Lit Kont Krim Revni” Eta a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde 29 biwo pwokirè distri toupatou atravè eta a yo 13.5 milyon dola sou fòm sibvansyon pou yo kontinye amelyore ankèt y ap fè sou ka fwòd asistans piblik ak fwòd fiskal eta a yo. Yo mete sibvansyon yo disponib atravè Pwogram Lit Kont Krim Revni (Crimes Against Revenue Program, CARP) Eta a, ke yo finanse avèk resèt ki soti nan ankèt ak pouwit jidisyè ki te swiv ankèt sa yo, ki pèmèt yo peye eta revni taks, amann ak restitasyon.

“Eta New York gen zewo tolerans anvè nenpòt tip vòl yo fè kont fanm ak gason k ap travay di nou yo epi nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou nou pran mezi reprezay kont sila yo k ap twonpe sistèm lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede pwokirè toupatou atravè eta a yo pwoteje Nouyòkè yo epi fè moun ki responsab yo rann kont.”

CARP, ki se yon inisyativ konjwent ant Depatman Enpo ak Finans Eta a (State Department of Taxation and Finance) ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services), sible moun ki chwazi pa peye obligasyon taks yo delibereman, ansanm ak sila ki komèt fwòd kont Medicaid, asistans piblik, alokasyon pou chomaj ak pou aksidan nan travay yo. Depatman Enpo ak Finans lan sèvi kòm espesyalis pwogram lan lè yo ofri asistans teknik epi ede idantifye ka pou yo fè ankèt sou yo alòske Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la ap jere fon sibvansyon an.

Anplwaye k ap travay sou fon sibvansyon an yo, gen ladan kontab legal, anketè ak asistan pwokirè distri yo, k ap travay pou prepare dosye pou pwochè yo. Ankèt CARP yo konsantre sou moun, sosyete kòporasyon oswa endistri ki pa peye nenpòt tip taks, tankou taks lavant, dwa dasiz ak revni yo, sa ki ka ladan konplo fwòd finansye ak fwòd fiskal konplike antrepriz kriminèl yo òkestre yo.

Michael C. Green, ki se Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl yo, te deklare, “Depi lè yo te tabli l an 2004 la, CARP kontinye ofri pwokirè distri toupatou atravè eta a yo finansman ki nesesè pou ede yo fè ankèt ak pouwit ka ki souvan konplèks ak espesyalize sa yo lajistis. Nou fyè pou nou patisipe nan efò kolaboratif sa yo pou nou idantifye ak pouwit lajistis, moun sa yo k ap chache twonpe sistèm lan ak kontribiyab onèt Eta New York la yo”.

Komisè Pa Enterim Depatman Enpo ak Finans lan Nonie Manion te deklare, “CARP mete plis jarèt nan ankèt kriminèl nou yo, sa k ap ede nou ranfòse patenarya

pwodiktif nou te tabli ak òganizasyon lokal ki responsab pou fè respekte lalwa yo. Se yon eleman enpòtan nan kad efò vijilans ajans lan ap kontinye fè pou tradwi moun k ap twonpe sistèm taks yo lajistis”.

Depi 2016 y ap finanse 29 biwo pwokirè distri konte k ap resevwa sibvansyon yo te anonse jodi a yo atravè Pwogram Lit Kont Krim Revni an. Byenke se sèlman biwo sa yo ki te elijib pou yo aplike pou finansman yo, yo pa te garanti yo ke y ap resevwa menm kantite lajan yo te resevwa avan. Sibvansyon yo an liy ak ane sivil k ap fini an Desanm 2019 la avèk renouvèlman opsyonèl k ap posib pou jiska dezan anplis.

Vil New York

- Bronx: \$692,300
- Kings (Brooklyn): \$802,600
- New York (Manhattan): \$5,000,000
- Queens: \$1,491,400
- Richmond (Staten Island): \$256,210

Long Island

- Konte Nassau: \$633,399
- Suffolk: \$1,605,500

Mid-Hudson

- Orange: \$112,810
- Rockland: \$357,600
- Ulster: \$143,600
- Westchester: \$278,100

Rejyon Kapital

- Albany: \$299,710
- Rensselaer: \$102,800
- Saratoga \$118,900
- Schenectady: \$130,000
- Warren: \$59,600
- Washington: \$36,200

Mohawk Valley

- Montgomery: \$28,600
- Oneida: \$160,878

New York Santral

- Cayuga: \$80,000
- Madison: \$67,000
- Onondaga: \$111,110

Southern Tier

- Chemung: \$64,170
- Steuben: \$40,400

Finger Lakes

- Ontario: \$92,100
- Monroe: \$208,000

Rejyon Lwès New York

- Chautauqua: \$65,000
- Erie: \$414,100
- Niagara: \$68,810

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la (www.criminaljustice.ny.gov) gen divès responsabilite, ki gen ladan yo fòmasyon pou fòs lapolis yo; koleksyon ak analiz done krim toupatou atravè eta a; antretyen dosye enfòmasyon pase kriminèl ak anprent dijital yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a an patenarya avèk Lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pwogram libète kondisyonèl ak pwogram penitansye kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis penal toupatou atravè eta a yo; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl (Sex Offender Registry) eta a.

Depatman Enpo ak Finans Eta New York la (www.tax.ny.gov) trete 25 milyon dosye deklarasyon taks sou revni epi yo kolekte plis pase 90 milya dola nan revni lokal ak eta a chak ane.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)